

A photograph of a diverse group of people in a meeting. In the foreground, a Black woman with braided hair is smiling and gesturing with her hands while holding a white marker. Behind her, a Black man with a beard and a white woman are also smiling. The background is slightly blurred.

# Kiltive yon Òganizasyon ki Enklizif e Divèsifye pou n Atenn Objektif nou an

Rapò sou Divèsite, Ekite, Enklizyon, Askesibilite  
(DEIA) ak Ekite nan domèn Sante pou ane 2022 a

JEN 2023

# Kontni

- 3** Yon Mesaj Dirijan nou yo Voye
- 4** Estrateji Nou konsènan DEIA ak Ekite nan domèn Sante
- 9** Ekite nan domèn Sante
- 14** Lidèchip Eklere
- 17** Kominote Swen
- 18** Kilti
- 21** Divèsite Kòlèg
- 24** Gwoup Resous pou Kòlèg (CRG yo)
- 28** Aksesibilite
- 30** Divèsite Mache
- 32** Enklizyon Ekonomik
- 35** Chimen N Ap Swiv



# Yon Mesaj Dirijan nou yo Voye

**Se avèk anpil fyète** n ap prezante premye Rapò anyèl Point32Health sou Divèsite, Ekite, Enklizyon, Aksesibilite (DEIA) ak Ekite nan domèn Sante a. Rapò sa mete aksan sou egzanp konkrè sou fason n ap travay ansanm pou n rive konstwi yon kominate swen ki dirab. Ou pral li kòmantè kòlèg ak patnè nou yo ki demontre angajman nou pou n viv valè nou pataje yo ak pou n atenn objektif nou pou n rive gide ak favorize yon vi ki pi an sante pou tout moun.

Travay n ap fè a gen yon enpòtans kapital epi gen anpil lòt bagay pou n fè toujou. Sa ki motive nou se lavni ak posiblite pou n aplike estrateji nou konsènan DEIA ak Ekite nan domèn Sante a pandan ane k ap vini yo.



**CAIN A. HAYES**  
Prezidan e PDG



**PETER CHURCH**  
Direktè Resous Imèn



**JAVIER BARRIENTOS**  
Responsab an Chèf Divèsite

"Gwo divèsite orijin, eksperyans, konpetans ak pèspektiv plis pase 4 000 kòlèg nou yo ede nou pozisyone nou pou n favorize yon chanjman ki dirab ak ekite nan domèn sante pou manm n ap desèvi yo."

**CAIN A. HAYES**  
Prezidan e PDG



## **Angajman nou ak DEIA ak Ekite nan domèn Sante a aliyen avèk objektif nou, li enfliyanse konpòtman nou epi l defini estrateji nou an.**

Nan lane 2022, nou te kreye yon fondasyon, kote n te entegre travay sou DEIA ak Ekite nan domèn Sante de (2) òganizasyon patrimwàn Point32Health yo avèk aspirasyon alavni nou pou n kreye yon novo estrateji global sou DEIA ak Ekite nan domèn Sante nan tout yon antrepriz. Nou kwè ke lè n kiltive yon mendèv ki divèsifye e enklizif ak lè n kontinye ogmante ekite ak asesibilite, sa ede n bay pi bon rezulta konsènan DEIA ak Ekite nan domèn Sante pou tout moun.

San pasyon ak devouman kòlèg nou yo ansanm ak atansyon kolektif nou sou DEIA ak Ekite nan domèn Sante pandan tout ane yo, nou pa t ap kote n ye la jounen jodi a.

# Nou angaje nou depi lontan pou n fè DEIA ak Ekite nan domèn Sante a pwogrese.



Youn nan premye siyatè ameriken angajman CEO Action for Diversity & Inclusion™ lan.



Deziyen kòm Meyè Espas Travay pou Entegrasyon Moun ki Andikape selon Andikap:IN.

Te resevwa nòt 100% Endis Antrepriz nan Kanpay Dwa Moun lan.

Senk gwoup resous pwofesyonèl te ankouraje enklizyon nan espas travay ak nan kominote a, kote yo te konsantre sou kontèks milti-kiltirèl, LGBTQ+, ansyen konbatan ak militè, moun ki gen andikap ansanm ak fanm.

Te pèmèt tout kòlèg yo fè eksperyans edikatif sou konpetans kiltirèl, prejje enkonsyan ak lit kont rasis.



Harvard Pilgrim Health Care

Te kreye gwoup resous anplwaye pou kòlèg LGBTQ+ yo.

Te kreye youn nan ra pwogram avantaj pou patnè ki gen menm sèks yo nan peyi a.



Te resevwa Pri Inovasyon Milti-kiltirèl NCQA a poutèt li diminye sou disparite nan zafè depistaj pou kansè nan kolon an.

Harvard Community Health Plan (Plan Sante Kominotè Harvard) (Harvard Pilgrim) ansanm ak Lekòl Medikal Harvard (Harvard Medical School, HMS) te kreye ak finanse ansanm Depatman Swen Anbilatwa ak Prevansyon (ki te vin pote non Depatman Medsin Popilasyon an nan lane 2009) avèk yon misyon ansèyman ak rechèch.

Te kreye Harvard Pilgrim Health Care Institute Ethics Advisory Program (Pwogram Konsèy Etik pou Enstiti Swen Sante Harvard Pilgrim) pou desèvi tout manm ak kòlèg yo.



Te lanse Jounen sou Prejje Enkonsyan pou kòlèg yo, yon pwogram anyèl ki fèt pou rekonèt prejje ki fèt nan espas travay, favorize chanjman ki enpòtan atravè konvèrsasyon franch epi ki jenere ide pou fè divèsite ak enklizyon avanse.

Te bay reprezantan bileng sèvis pou manm yo fòmasyon sou teknik sansiblite ak sou vokabiliè ki lye ak swen sante atravè Pwogram Sèvis Milti-kiltirèl la (Multicultural Service Program).

Te kreye yon plan sante inik pou yon kliyan komèsyal, sa ki pèmèt yo rive redui depans swen sante yo pandan yo ogmante salè travayè yo.

Te abòde enklizyon ekonomik nan kad pwogram enklizyon founisè a, sa ki ankouraje plis pase \$80 Milyon nan kontra avèk divès konpayi divès kalite moun posedè yo.

Te kreye yon pwogram doula gratis, ki te ankouraje gwo sès ki pi an sante epi ki te pèmèt moun jwenn swen apre akouchman nan popilasyon manm Medicaid nou an.



Komite Ekite nan domèn Sante a te kreye yon gwoup travay ansanm ak yon plan aksyon pou sipòte tout manm yo ansanm ak sila yo ki nan kominote ki plis sibi enpak COVID-19 yo.

Youn nan 10 mamm fondatè Kolaborasyon Nasyonal Plan Sante pou Redui Disparite Rasyal/Etnik.

Te resevwa nòt 100% **Endis Antrepriz nan Kanpay Dwa Moun** lan.




Te lanse yon entèvansyon kominotè pou redui disparite egzamen anyèl nan je pam manm Ispanik ki gen dyabèt yo.

Yo te rekonèt li kòm youn nan premye plan sante nan rejon nou an ki rive kreye yon dokiman sou avantaj sante pou transjan yo ki gen ladan I kouvèti pou tranzisyon jan ak chiriji nan pati siperyè/enferyè.

Pis Enklizyon Ekite nan domèn Sante a te lanse efò pou sipòte tout manm yo ak sila yo ki nan kominote ki plis sibi enpak COVOD-19 yo.

## Point32Health

Te rive kreye gras ak konbinezon Harvard Pilgrim Health Care ak Tufts Health Plan



Te lanse plizyè klinik swen mobil, klinik vaksen mobil ansanm ak sèvis telesante ki elaji.

Te kreye yon Komite Direktè Ekite nan domèn Sante nan tout yon antrepriz pou sipèvize ak oryante inisyativ sou ekite nan domèn sante yo, aliyan klinik/biznis ansanm ak eksperyans global nan ekite nan domèn sante pou manm nou yo.

Te resevwa nan men American College of Healthcare Executives (ACHE) pri **Divèsite MA a.**

Harvard Pilgrim Health Care ansanm ak Tufts Health Plan te resevwa Akreditasyon Konplè pou Ekite nan domèn Sante nan men Komite Nasyonal Asirans Kalite (National Committee for Quality Assurance, NCQA) pou plan Konbinezon Komèsyal Swen Sante Harvard Pilgrim (Harvard Pilgrim Health Care's Commercial Combined, HMO/POS) MA/ME ak plan Exchange (HMO) MA/ME yo, ansanm ak plan Medicaid Tufts Health Plan ak plan Exchange HMO yo.

Te gen yon Nouvo Responsab an Chèf Divèsite ki te nome, ekip DEIA ak Ekite nan domèn Sante a te rive kreye epi yo te aktyalize estrateji a.

Uit Gwoup Resous pou Kòlèg (Colleague Resource Groups, CRG yo) te lanse transfòmasyon CRG a.

Te kolabore avèk Boston Medical Center pou fè ekite nan domèn sante matènèl la pwogrese.

Te lanse *Endis Inegalite Sosyal* la pou yo pi byen konprann ak abòde detèminan sosyal sante mamm yo nan tout etap nan lavi yo.





# Estrateji sou DEIA ak Ekite nan Domèn Sante nou an sèvi nou bousòl pou kwasans ak enpak dirab nan domèn kle sa yo:

-  Ekite nan Domèn Sante
-  Aksesibilite
-  Kilti
-  Divèsite Mache
-  Divèsite Kòlèg
-  Enklizyon Ekonomik
-  Gwoup Resous pou  
Kòlèg (CRG yo)



# Ekite nan Domèn Sante

**Tout sa nou fè  
baze sou ekite nan  
domèn sante.**

Nou kwè ekite nan domèn sante a afekte tout bagay e tout moun. Apwòch nou nan ekite nan domèn sante a konsantre sou asire aksè nan swen sante kalite siperyè ki nan pri ki abòdab ansanm ak opòtinite pou tout moun kapab atenn tout potansyèl sante yo.




Priyorite nou nan domèn ekite nan domèn sante yo se:

- Gwosès ak swen apre akouchman
- Swen sante riral
- Swen enklizif pou LGBTQ+
- Swen pou twoub konsomasyon sibstans
- Detèminan sosyal pou lasante (SDOH)
- Ekite nan vaksen

Yo tire domèn sa yo nan gwo travay òganizasyon nou an fè an tout pandan ane yo pou yo fè ekite nan sante avanse ansam ak ras, etnisite, laj, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl, lafwa, revni, andikap, estati ansyen konbatan ansam ak lòt karateristik fizik oswa sosyal.

Nou konsidere detèminan sosyal pou lasante yo kòm baz pou tout domèn konsantrasyon estratejik sou ekite nan domèn sante yo, sa ki regroupe manm ak kominate milti-dimansyonèl e divèrsifye ke n ap desèvi yo. Pandan n ap travay nan bonjan kolaborasyon avèk òganizasyon kominotè yo ak pandan n ap kolabore avèk sistèm founisè yo ak manm yo, nou etabli yon modèl swen ki konplè nan tout nivo pou manm yo.





## Men kèk egzanp inisyativ sou ekite nan domèn sante:



Yon klinik vaksinasyon mobil, ki te ede vaksinen plis pase 3 800 rezidan nan kominate ke pandemi COVID-19 la te plis frape yo.



Yon klinik mobil ki gen kat lopital patnè pou founi rezidan zòn riral Nò New Hampshire yo swen prensipal ak swen preventif.



Divès pwogram telesante an patenarya avèk founisè lokal yo pou desèvi rezidan ki nan zòn riral Maine yo.



Patenarya avèk Rhode Island Women & Infants Hospital and Meals on Wheels pou founi fanm ansent yo ansanm ak paran ki fin akouche yo manje ki bon pou sante yo.



Founi aksè nan sèvis ki apwopriye sou plan kiltirèl yo ak kolekte done sou Ras, Etnisite, Lang, Andikap (RELD)/Oryantasyon Seksyèl, Idantite Seksyèl (SOGI), sa ki sipòte manm nou yo epi ki fè travay sou ekite nan domèn sante a pwogrese pou analize, idantifye ak abòde inegalite nan domèn sante.

"Ekite nan domèn sante a pa reprezante yon gress bagay, se rezulta yon konsiderasyon efikas ki fèt de plizyè detèminan sante. Li pa pou yon gress moun oswa yon gwoup—li pou tout moun. Ekite nan domèn sante se jistis sosyal nan domèn swen sante."



**WENDY RUE WILLIAMS, MSW**

Direktè Ekite nan domèn Sante





## Etid Ka

Nou itilize inovasyon ak patenarya kominotè pou n  
brize obstak pou elèv yo kapab gen aksè ak sèvis  
sante konpòtmantal yo.

Te kòmanse antanke yon pwojè pilòt nan lane 2022, yon efò kolaborasyon **MCD Global Health** (MCD) ki baze nan Hallowell la kowòdone pèmèt elèv ak anplwaye yo nan Woodland Elementary ak Woodland Junior-Senior High School ki sitiye nan Baileyville, Maine, ak toupatou nan distri lekòl AOS 90 ki nan konte a, gen aksè ak sèvis sante konpòtmantal vityèl yo ansanm ak lòt resous ki nesesè yo. Pwogram sa fòme rezidan lokal yo antanke Travayè Sante Kominotè ak Navigatè Sèvis epi li mete elèv ak fanmi yo an kontak avèk resous ki nesesè yo. Sa pèmèt nou asire ke tout elèv ki ta ka benefisyé de sèvis sante konpòtmantal yo gen aksè ak sèvis sa yo swa an pèsòm oswa atravè sèvis telesante konpòtmantal la.

Rezidan Baileyville yo te idantifye aksè nan sèvis sante konpòtmantal yo kòm yon bezwen ijan atravè yon evalyasyon kominotè yon Komite Ad Hoc sou Sante Kominotè te fè, kote se Konsèy Minisipal Baileyville la ki te fòme li nan mwa Out 2021 an. Nan mwens pase yon lane, pwogram teleterapi nan domèn sante konpòtmantal la te lanse.





Yon sibvansyon kontrepati \$500,000 Fondasyon Point32Health lan bay te ede kominote lanse inisyativ la. "Pwogram sa reponn ak bezwen ijan jèn yo nan domèn sante konpòtmantal ak mantal nan yon fason ki enpòtan epi li ilistre kòman chanjman kapab rive fèt lè lidè kominotè ki angaje yo teyini," se sa Patricia Metta te di, sipèrentandan distri lekòl AOS 90 la.

Depi lè pwogram nan te kòmanse a, yo te rive koresponn 30 elèv avèk founisè sante konpòtmantal (an pèsòn ak defason vityèl), epi pwogram nan sou bòn wout pou l desèvi yon total 80 elèv disi 31 Jiyè 2023. Yo entegre yon sipò pandan tout ane a nan modèl la, sa ki pèmèt elèv ak pwofesè yo gen aksè ak sèvis teleterapi nan domèn sante konpòtmantal yo pandan tout ete a.

"Nan yon moman kote bezwen swen sante konpòtmantal ak mantal ki ekitab la ap ogmante, patnè kominotè nou yo ap founi divès resous ki esansyèl pou transfòme kalite lavi elèv yo ak fanmi yo, y ap ede elimine obstak sistematik yo ak amelyore sante ak byennèt nan kominote a pou tout moun."



**JEFFREY SEDLACK, MD**

Direktè Medikal Point32Health nan Maine



## Lidèchip Eklere

Patnè lidèchip eklere nou an founi rechèch klas mondal ansanm ak ide inovan pou elimine prejije nan sistèm, politik ak pwosesis swen sante yo.

Point32Health sitou byen plase pou l pwofite de rechèch avan gad la gras ak patenarya 30 lane li genyen avèk **Harvard Pilgrim Health Care Institute**, yon kolaborasyon nan rechèch ak ansèyman ki egziste ant Point32Health ak Harvard Medical School. Depatman Medisin Popilasyon Enstiti a (The Institute's Department of Population Medicine) se premye depatman nan peyi a ki nome nan yon lekòl medsin ki baze nan yon plan sante epi misyon li se amelyore swen yo founi yo ansanm ak sante popilasyon atravè rechèch ak fòmasyon—onivo lokal, nasyonal ak entènasyonal—an patenarya avèk plan sante, sistèm livrezon, ansanm ak ajans sante piblik yo.

Travay Enstiti a te ede enfòme ak evalye nouvo estrateji ki inovan pou Point32Health kapab aplike yo pou yo kontinye founi manm yo swen wo valè ki baze sou evidans pandan y ap travay pou amelyore ekite nan domèn sante. De (2) egzanp ki montre kòman Harvard Pilgrim Health Care Institute te fè yon enpak nan ekite nan domèn sante a nan Point32Health se patenarya kolaboratif nou pou n idantifye ak eliminate sous prejije potansyèl yo nan algorit done klinik nou an, ansanm ak deliberasyon Gwoup Konsilitatif sou Etik chak trimès nou an ki pèmèt nou tande diferan vwa, konprann plizyè valè ak aprann de eksperyans divès aksyonè yo sou sijè ki difisil yo.

**Aprann plis** sou Harvard Pilgrim Health Care Institute ansanm ak rechèch yo a.



### Seleksyon Piblikasyon Rechèch

Harvard Pilgrim Health Care Institute otè yo distenge anba yo, an **gra**.

[Disparate Rasyal ak Etnik nan Tretman pou COVID-19 pou Pasyan ki Pa Entène \(Racial and Ethnic Disparities in Outpatient Treatment of COVID-19\) - Etazini, Janvye-Jiyè 2022.](#)

**OTÈ YO** Boehmer TK, Koumans EH, Skillen EL, Kappelman MD, Carton TW, Patel A, August EM, Bernstein R, Denson JL, Draper C, Gundlapalli AV, Paranjape A, Puro J, Rao P, Siegel DA, Trick WE, Walker CL, **Block JP**

[Preferans pou Pwodui Pwofilaksi pou Pre-Ekspozisyon ak VIH lakay Fanm Nwa nan peyi Etazini \(Preference for HIV Preexposure Prophylaxis Products among Black Women in the U.S.\)](#)

**OTÈ YO** Irie WC, Calabrese SK, Patel RR, Mayer KH, Geng EH, **Marcus JL**

[Konsyantizasyon ak itilizasyon tès jenetik pami adilt Ispanik ak Latino k ap viv nan peyi Etazini: Etid Sante sou Kominote Ispanik/Etid sou Latino yo.](#)

**OTÈ YO** Christensen KD, Zhang M, Galbraith LN, Granot-Hershkovitz E, Nelson SC, Gonzalez S, Argos M, Perreira KM, Daviglus ML, Isasi CR, Cai J, Talavera GA, Blout Zawatsky CL, Green RC, Isasi R, Kaplan R, Sofer T



## Lakin nan tretman **ak medikaman pou COVID yo kontinye egziste** pamì gwoup rasyal ak etnik minorité yo.

Yon Rapò CDC Ebdomadè sou Mòbilité ak Mòtalité<sup>1</sup> ke **Jason Block**, manm Enstiti a redije, te etidye disparate sa yo an detay. Ekip la te konstate ke, soti Avril jiska Jiyè 2022, pousantaj pasyan ki gen COVID-19 ki gen laj  $\geq 20$  lane yo ke yo te trete avèk Paxlovid yo te enferyè a 36% pamì Nwa yo e 30% pamì pasyan Ispanik yo pa rapò ak pasyan ki Blan epi ki pa Ispanik yo. Disparate sa yo te egziste nan tout tranch daj yo ak pamì pasyan ki gen pwoblèm sante ki afeblì sistèm iminitè yo.



## Risk pou fanm Nwa enfekte ak VIH la **11 fwa** pi elve pa rapò ak fanm Blanch yo.



Lè w pran medikaman kont VIH yo avan w ekspoze ak viris la, sa vrèman diminye risk pou vin enfekte. **Whitney Irie** ak **Julia Marcus** te mennen yon etid<sup>2</sup> pou evalye preferans yon echantyon nasyonal fanm Nwa pou gade ki konesans yo genyen sou medikaman kont VIH yo ansanm ak ki enterè yo genyen pou yo itilize yo. Yo te konstate ke de tyè fanm Nwa t ap enterese itilize medikaman sa yo sof si yo ta disponib gratis ti cheri. Majorite fanm t ap prefere pran konprime, men gen kèk fanm ki t ap pito pran enjeksyon, sitou sila yo ki pè pou moun pa wè yo ap pran medikaman yo ansanm ak sila yo ki gen plis risk pou yo enfekte ak VIH yo. Rezulta sa yo kapab sèvi pou amelyore fason y ap founi fanm Nwa yo medikaman kont VIH yo.

Manm k ap viv nan rejon ki gen inegalite sosyal ki pi elve yo gen **de (2) fwa** plis chans pou yo pa janm al konsilte yon doktè pandan ane a.

Sous: Analiz done Point32Health, 2022

"Nou ekspligate pozisyon nou nan alafwa yon plan sante ak yon lekòl medsin pou n devlope travay nan domèn ekite ak disparate nan domèn sante kote n vize yon enpak dirab."



**RICHARD PLATT, MD, MSc**

Pwofesè e Prezidan, Depatman Medsin Popilasyon, Harvard Pilgrim Health Care Institute

<sup>1</sup>Boehmer TK, Koumans EH, Skillen EL, ... **Block JP**. Disparate Rasyal ak Etnik nan Tretman pou COVID-19 pou Pasyan ki Pa Entène – Etazini, Janvye-Jiyè 2022. MMWR Morb Mortal Wkly Rep 2022;71:1359-1365.

<sup>2</sup>Irie WC, Calabrese SK, Patel RR, Mayer KH, Geng EH, & **Marcus JL**. (2022). Preferans pou Pwodui Pwofilaks pou Pre-Eksposizyon ak VIH lakay Fanm Nwa nan peyi Etazini. SIDA ak Konpòtman 26(7), 2212-2223.



## Kenz poustan

ti ameriken ap viv nan fanmi  
ki pa gen kantite manje ki adekwa.

Timoun ki nan sitiyasyon ensekirite alimantè yo souvan gen pwoblèm fizik, emosyonèl ak devlopmantal ki pi grav. Nan etid sa a, chèchè Enstiti a, **Alon Peltz**, ansam ak kòlèg li yo, te konstate ke apre yo fin ajiste enpak plizyè varyab, ensikrite alimantè nan fwaye anfans lan te asosye ak yon pwobablite ki vrèman pi elve nan yon vizit nan sèvis dijans oswa tretman pou swen prensipal pandan ane a. Ensikrite nan fwaye anfans lan te asosye tou avèk yon poustantaj absans nan lekòl ki vrèman pi elve, ansam ak mwens aksè ak swen woutin oswa swen pou maladi.<sup>3</sup>



Manm ki gen opresyon k ap viv nan rejon ki gen inegalite sosyal ki pi elve yo gen **1.7 fwa** plis chans pou yo ale nan Sal Dijans (ER).

Sous: Analiz done Point32Health, 2022



Selon yon nouvo etid<sup>4</sup> chèchè yo nan Enstiti a te fè, yo vin deplizanpli rekonèt karakteristik fizik ak sosyal katye kote timoun yo ap viv yo kòm yon **detèminan sante ki enpòtan** pandan tout lavi yo.

Pa rapò ak adilt yo, timoun ka sitou vilnerab ak kondisyon katye defavorab yo ki gen konsekans sou sante yo pandan tout lavi yo. Yon ekip rechèchè **Izzuddin Aris** ki fè pati Enstiti a ap dirije te konstate nan chak etap lavi, timoun ki t ap viv nan rejon ki gen nòt Endis Opòtinite pou Timoun ki pi elve yo te gen trajekta mwayèn BMI ki pi fèb ansam ak risk obezite ki mwen elve soti anfans rive nan adolesans, san sa pa depann de karakteristik sosyo-demografik ak prenatal fanmi an. Ekip la te obsève modèl rezulta similè pou timoun ki t ap viv nan rejon ki gen nòt Endis Vilnerabilite Sosyal ki enferyè yo. Asosyasyon sa yo pi solid pou timoun k ap viv nan katye ki gen opòtinite ki pi elve a oswa vilnerabilite ki mwen elve a. Li enpòtan pou n note ke asosyasyon sa yo te pi solid pou eksposizyon ak katye yo depi nan nesans pa rapò ak eksposizyon nan lòt etap nan lavi, sa ki endike gwosès se yon fenèt ki enpòtan pou eksposizyon an.

<sup>3</sup>Peltz A, Garg A. Ensekirite Alimantè ak Itilizasyon Swen Sante. Pedyatri. 2019 Okt;144(4):e20190347. doi: 10.1542/peds.2019-0347. Epub 2019 Sep 9. PMID: 31501238.

<sup>4</sup>Aris IM, Perng W, Dabelea D, et al. Asosiyasyon Opòtinite nan Katye ak Vilnerabilite Sosyal Avèk Trajekta Endis Mas Kòporèl nan Etap Anfans ak Obezite lakay Ti Ameriken yo (Associations of Neighborhood Opportunity and Social Vulnerability With Trajectories of Childhood Body Mass Index and Obesity Among US Children). JAMA Netw Open. 2022;5(12):e2247957.



## Nou se yon Kominote Swen.

Pou Point32Health, sitwayènnnte antrepriz la depase filantwopi, li reprezante tout sa n ap fè: pwodui ak sèvis ki abòde disparite nan domèn sante yo, pratik komèsyal ki favorize ekite ak enklizyon ak angajman kominotè ki apwopriye epi ki reponn ak bezwen kominote yo. Se konsa nou prezante nan kominote a, se konsa nou trete kòlèg nou epi se konsa nou aji an fonksyon de valè konpayi nou an.

### Sipòte òganizasyon kominotè ki pa pou fè lajan yo

Sibvansyon, kado kontrepati, esponnsorizasyon, don an nati ak lòt tip don Point32Health fè yo epi Fondasyon nou an **te kontribye \$15 Milyon+** nan lane 2022 a pou sipòte òganizasyon ki pa pou fè lajan yo.

- **Prèkse \$8M** Fondasyon an akòde bay 140+ òganizasyon kominotè ki pa pou fè lajan nan toule senk eta yo, ansanm ak \$1 milyon pou favorize ekite sosyal ak rasyal pandan y ap amplifye divès vwa ak elimine obstak sistematik.
- **\$1,5M+** sou fòm don ke kòlèg, manm konsèy yo ansanm ak korespondans Fondasyon an akòde bay 600+ konpayi lokal ki pa pou fè lajan. Fondasyon an te elajи tou Pwogram Korespondans lan pou l ajoute yon nouvo inisyativ pou sipòte òganizasyon k ap abòde jistis ak ekite nan eta n ap desèvi yo.
- **9 326 èdtan** sèvis kòlèg volontè yo bay nan òganizasyon ki pa pou fè lajan yo, ki estimale a yon valè ki prèske egal a \$360 000.

Fondasyon an sipòte tou pwogram sitwayènnete antrepriz nou yo. **Aprann plis** sou angajman Point32Health nan kominote a.



"Kominote a nan sant travay n ap fè a. Pandan n ap grandi e evole, n ap kontinye aprann de sila yo ki pi ekspoze ak pwoblèm yo epi n ap rete angaje pou n swiv vwa kominote a ansanm ak solisyon kominote a dirije yo."



**NORA MORENO CARGIE**

Vis-prezidan, Sitwayènnete Antrepriz la e Predizan, Fondasyon Point32Health



# Kilti

Kilti jwenn rasin li  
nan pran swen youn lòt.



## Valè ak Kwayans ki Gide Nou yo

**Valè nou pataje yo** detèmine fason nou viv kilti nou nan Point32Health, sa ki fòme konpòtman endivididyèl ak kolektif nou yo. Valè sa yo reprezante kwayans nou pataje yo sou fason nou pran desizyon, fason nou mezire pèfòmans ak fason nou favorize responsabilite pou n rive atenn vizyon nou pou n gide ak ankouraje yon vi ki pi an sante pou tout moun.



### Anbrase Aprantisaj

#### PASKE NOU KWÈ...

Aprantisaj kontini an pwodui yon enpak kontini.



### Posede Rezulta

#### PASKE NOU KWÈ...

Se vrè angajman ki bay vrè rezulta.



### Grandi Ansanm

#### PASKE NOU KWÈ...

Lè moun nou yo pwospere, se òganizasyon nou an ki pwospere.

Pandan nou rekonèt enpòtans lidèchip enklizif la, nou ofri opòtinite aprantisaj sou yon seri sijè tankou prejje, fondman DEIA yo, mikwo-agresyon ansanm ak anti-rasis.

**37%** nan kòlèg nou yo (1 590 kòlèg) te konplete tou le kat pwogram sa yo nan ane 2022 a.



### Konstwi Kominote a

#### PASKE NOU KWÈ...

Lè n bay youn lòt sèvis, sa pèmèt nou bay lòt moun yo pi bon sèvis.

# Nou kreye pakou pou n aprann nan divès kilti pou mete nou tout an kontak pou nou kapab pi byen fè travay nou.

Nou entegre yon kilti enklizyon ak apatenans nan tout nivo nan òganizasyon an epi nou fè tout sa n kapab pou rete enklizif nan tout aspè nan travay la. Pou n ranfòse sansibilizasyon ak angajman nan plizyè kilti, nou te mete an plas plizyè Moman Sosyal Kiltirèl nan lane 2022 pou n ankouraje yon echanj entè-kiltirèl ant kòlèg yo, pou n pi byen konprann e apresye diferans yo ak pou devlope kominote a.

Moman Sosyal Kiltirèl chak mwa nou yo ki dire inèdtan yo konbine eksperyans edikatif, byennèt ak divètisman pou angaje kòlèg yo nan divès nouvo pèspektiv ak eksperyans. Louvri pou tout kòlèg Point32Health yo, Moman Sosyal Kiltirèl la se yon mwayen pou angaje kòlèg ak oratè prensipal yo—epi pou aprann—de yo. Patisipan yo jwenn yon espas pou mizanrezo, pandan y ap favorize koneskyon ak pratike valè nou yo atravè yon seri entèrakson pozitif ki enpòtan.

Plis pase desan kòlèg te patisipe nan pwojè pilòt 2022 a epi an 2023, plizyè milye kòlèg te patisipe nan Moman Sosyal Kiltirèl la.

“Se yon mèvèy pou n wè Moman Kiltirèl Sosyal nou an evolye e pran dimansyon isit la nan Point32Health. Nou toujou tande nan ki nivo seyans sa yo enpòtan pou anpil nan kòlèg nou yo, kit yo patisipe avèk nou an pèsòn, sou entènèt la oubyen kit yo gade anrejistreman an annapre. Rasableman chak mwa sa yo pèmèt nou selebre ak elve tisi espesyal ki fè nou moun nou ye a.”

**KATANIA SALOMON BAKER**  
Espesyalis Divèsite Prensipal





# Divèsite Kòlèg

Pou n fè DEIA ak Ekite nan  
domèn Sante a pwogrese,  
sa mande yon gwoup travay  
ki divèsifye ki pare pou  
tchalennj lan.



Angajman nou pou n kiltive yon reprezantasyon ki divèsifye nan tout òganizasyon nou an kòmanse avèk PDG nou an, Konsèy Administrasyon ansanm ak kad siperyè yo epi li etann nan tout òganizasyon nou an.

Nou konnen lè n gen yon reprezantasyon ki solid nan anpil kalite divèsite, sa ede nou pi byen sèvi manm, founisè, patnè, founisè ansanm ak kominote nou yo. Avèk rapò sa a, n ap pataje, pou premye fwa, yon vizyon ki pi laj sou done ki gen rapò ak divèsite nan gwoup travay nou yo.

Nou apresye divèsite orijin, pèspektiv ak eksperyans tout kòlèg nou yo. Nou apresye volim divèsite ki egziste nan gwoup travay aktyèl nou an epi n rete fidèl nan angajman nou genyen kounya a. Nou toujou gen travay pou n fè. Nou pran angajman pou n elaji ak awofondi divèsite nan tout Point32Health pandan n ap kontinye aprann ak grandi ansanm.

**Sèks:**




Fanm




Gason


Konsèy Administrasyon  
(14 manm)




Tout Kòlèg yo  
(4,313 kòlèg)



Vis-prezidan ak plis  
(85 kad siperyè)



Direktè yo, Manadjè yo, Sipèvizè yo  
(721 lidè)



"Konstwi yon kilti ki solid ak kiltive divèsite kòlèg la posib nan koute rich melanj moun nou an, nan aprann de diferans ak etabli lyen ant yo ak nan kreye yon seri solisyon ki reyalizab e ekitab ansanm."

**ROSE NGUYEN**


Direktris, Jesyon Talan




## Ras/Etnisite:

● Blan    ● Azyatik    ● Nwa/Afwo-Ameriken    ● Ispanik/Latino    ● De oswa plizyè ras, Endijèn    ● Mwen pa deside reponn


Konsèy Administrasyon  
(14 manm)




Tout Kòlèg yo  
(4,313 kòlèg)



Vis-prezidan ak plis  
(85 kad siperyè)




Direktè yo, Manadjè yo, Sipèvizi yo  
(721 lidè)



## Divèsite na gwoup travay selon jenerasyon:

● Millenè (1981-1996)  
● Jenerasyon X (1965-1980)  
● Baby Boomers (1946-1964)  
● Jenerasyon Z (1997+)  
● Jenerasyon Silansye (1928-1945)



**5% Moun ki gen andikap**  
**1% Ansyen konbatan**



# Gwooup Resous pou Kòlèg (CRG yo)

Nou akselere kilti nou nan DEIA  
ak Ekite nan domèn Sante a  
atravè CRG yo.



Uit CRG nou yo louvri pou tout kòlèg ki nan Point32Health yo. Manm CRG yo ede fòme yon anviwònman travay ki enklizif, kreye espas pou dyalòg ak aprantisaj odela diferans yo, yo ede pataje konpreyansyon sou biznis ak founi opòtinite pou devlopman, mizanrezo ak mantora.

Nan lane 2022, nou te kreye yon fondasyon ki solid pou grandi ak eksplwate pasyon an, konpreyansyon sou biznis ansanm ak konesans sou CRG yo pandan nou kreye yon estrikti gouvènans ki ranfòse wòl esponnsò egzekitif la. Kounya se yon manm nan ekip lidèchip senyò ki dirije chak grenn nan uit CRG nou yo. Chanpyon egzektif sa yo founi sipèvizon estratejik nan kolaborasyon avèk lidè CRG yo pou yo kapab reyalize objektif anyèl yo.

Toule uit CRG nou yo te òganize plizyè seyans kominotè avèk manm CRG yo kòm mwayen pou kòlèg yo kapab nan kominote a ansanm, pou diskite sou sijè ki lye ak afinité ak pou yo etabli kontak ak devlope relasyon.



"Kòlèg nou yo ki fè pati CRG a pataje tan yo, talan yo, ansanm ak devouman yo pandan y ap ede kreye lyen ak yon kominote, kote yo valorize endividyalite ak enklizyon pandan y ap soutni tout yon nouvo jenerasyon talan ."



### KOREEN LEAVITT

Direktè Prensipal, Responsab Maketing ak Kominikasyon pou Koneksyon Milti-kiltirèl CRG

Nou te lanse travay transfòmasyon CRG a nan fen ane 2022 a, kote n te pare teren an pou idantifye nouvo ekip lidèchip yo, yon estrikti gouvènans ki ajou ansam ak kreyasyon yon sant nimerik pou angajman ak kolaborasyon CRG pandan ane 2023 a.

Nan mwa Me 2022 a, **12%** nan kòlèg nou yo te manm nan youn oswa plizyè CRG epi nou konstate yon kwasans ofiramezi nou t ap aktyalize CRG nou yo ki atenn **16%** nan fen ane ak **22%** apati mwa Me 2023 a.



Abilities+  
Point32Health

Kapasite **yo+ CRG** kreye yon anviwònman enklizif ki rekonèt e selebre tout moun ki gen andikap, pandan li ede fè Point32Health tounen yon konpayi de chwa ni pou kòlèg yo ni pou manm yo.



Black  
Professionals  
Point32Health

CRG pou **Pwofesyonèl ki Nwa yo** ankouraje mizanrezo, mantora, devlopman pwofesyonèl, ansam ak opòtinite pou lidèchip pou pwofesyonèl ki Nwa yo nan Point32Health epi li ede alye yo kreye yon espas travay ki valorize ak itilize konpetans pwofesyonèl ak talan kòlèg Nwa yo nan tout nivo.



Flourish  
Point32Health

Flourish **CRG a** òganize ak reprezante inisyativ ak aktivite enklizif ki pèmèt kòlèg nou yo optimize sans byennèt yo, pandan y ap ogmante kwasans pèsonèl ak pwofesyonèl yo.



Military  
Veterans  

---

Point<sup>3</sup>2Health

CRG pou **Militè ki se Ansyen Konbatan yo** ankouraje yon espas travay ki akeyan pou ansyen konbatan yo, li founi kòlèg yo enfòmasyon sou fason pou yo sipòte kominote ansyen konbatan yo epi li sipòte manm fanmi kòlèg yo ki an sèvis aktif/deplwaman.



The  
Multicultural  
Connection  

---

Point<sup>3</sup>2Health

CRG **Koneksyon Milti-kiltirèl** aktive, angaje ak konekte yon gwoup travay milti-kiltirèl pandan y ap ankouraje vizibilitè ak kwasans karyè pou amelyore yon espas travay ki pozitif epi ki enklizif ak abòde pwoblèm òganizasyon espesifik ki fè enpak sou manm ekip yo ki soti nan tout orijin ak etnisite yo nan Point32Health.



Pride Point  

---

Point<sup>3</sup>2Health

CRG **Pride Point lan** ankouraje yon anviwònman travay LGBTQ+ ki enklizif kote kòlèg ak alye yo rasanble ansam pou ankouraje respè diferans nou yo epi pou kreye yon santiman kominote a kote n ap viv e travay atravè sansibilizasyon ak edikasyon.



Women &  
Allies Network  

---

Point<sup>3</sup>2Health

CRG **Women & Allies Network** la founi opòtinite pou devlopman pwofesyonèl ak sipò ki pèmèt tout fanm ak alye nan Point32Health pou simonte obstak sistematik yo ak pou kreye reyisit.



Young  
Professional  
Network  

---

Point<sup>3</sup>2Health

CRG **Rezo Pwofesyonèl Jèn yo** se yon gwoup jèn, ak/oswa pwofesyonèl ki gen kè jèn yo ki enspire pou responsabilize ak angaje kòlèg yo pou konstwi yon kominote, ankouraje devlopman pèsònèl ak pwofesyonèl, epi pou kiltive yon anviwònman ki akeyan epi ki enklizif nan Point32Health.



# Aksesibilité

Nou favorize enklizyon an patenarya avèk moun ki gen andikap yo.



foto: Disability:IN

foto: [Disability:IN](#)

## Lè eksperyans yo entegre moun ki andikape yo, nou ogmante kreyativite, inovasyon ak angajman lakay tout moun.


Nou rekonèt e valorize enpòtans pou gen aksè pou chèz woulant ansanm ak valè ki kreye yo lè anviwònman ekitab yo pèmèt moun ki gen andikap yo pou yo angaje e kontribye konplètman byen fasil e defason endepandan.

Nan lane 2022, nou te òganize yon Moman Sosyal Kiltirèl ki konsantre sou moun ki gen andikap yo, li te patisipe nan Mwa Sansibilizasyon sou Anplwa pou Moun ki Gen Andikap yo epi nou te lanse yon egzamen sou eta aktyèl aksè nou genyen pou chèz woulant yo pou n idantifye domèn konsantrasyon alavni ki sou direksyon—e an patenarya avèk—moun ki gen andikap yo.

"Se yon onè pou nou kolabore avèk **Andikap:IN**, kòlèg ki gen andikap ak alye nou yo pandan n ap ankouraje plis enklizyon, ekite ak aksè pou chèz woulant nan tout òganizasyon nou an. Nou rete kwè ke òganizasyon ki enkli moun ki gen andikap yo founi yon meyè espas travay pou tout moun."

**SARAH PASHE**

Responsablite DEIA, Aksè pou Chèz Woulant



# Divèsite Mache

Nou travay avèk òganizasyon ki pataje menm angajman avèk nou atravè patenary, envestisman ak inovasyon kontini.



Nou kontinye apiye nou sou divès eritaj ak kolaborasyon inovan pandan n ap rankontre moun yo kote yo ye a epi n ap rete bò kote yo tout pandan pakou pou swen sante yo a.

Nan lane 2022 a, nou:

- Te bay sipò pou Pri Komemoratif John Winske a, ke **Konsòtyòm Politik Andikap (Disability Policy Consortium)** (Disability Policy Consortium, DPC) lan ofri a.
- Te elaji avantaj pou swen LGBTQ+ pandan y ap angaje avèk **Included Health**, yon platfòm pou swen vityèl ak navigasyon pou popilasyon ki defavorize yo.
- Te elaji zòn jeyografik pou pwodui swen sante yo, kote founi sèvis bay plis manm ki gen andikap ki elijib pou ni Medicaid ni Medicare.
- Te kolabore avèk yon ajans piblisite enklizif e milti-kiltirèl, **Dex**, pou rafine estrateji mesajri n nou yo.



"Ekip ki divèsifye e kolaboratif nou yo pèmèt nou konsevwa, devlope, ak founi efò inovan pou sensibilizasyin kominotè sou maketing, angajman enklizif ansam ak eksperyans nan sèvis ki lye—nan fason ki otantik epi ki apwopriye sou plan kiltirèl—avèk idantite, preferans, bezwen ak valè divès manm n ap desèvi yo."



**PHIL BARR**  
EVP, Prezidan, Mache



# Enklizyon Ekonomik

Nou kreye opòtinite ekonomik pou ti biznis ki divèsifye yo—epi yo ranfòse valè komèsyal nou epi yo favorize avantaj konpetitif.



N ap kontinye lite san rete pou n enkli biznis ki pou minorite, fanm, ansyen konbatan, moun ki pati kominote LGBTQ ansanm ak sa ki pou moun ki gen andikap yo, ansanm ak ti biznis yo nan kad Pwogram **Enlizyon Ekonomik ak Divèsite Founisè Point32Health la.**

Lè n fè biznis avèk founisè ki soti nan divès gwoup yo, sa ede konpayi nou an kontinye founi pwodui ak sèvis inovan dènye modèl ki benefisyé kliyan, kòlèg ak kominote nou yo, pandan y ap ede biznis yo pwospere nan fason k ap pèmèt yo kreye travay ak pwodui lòt enpak enkonomik ki pozitif, ansanm ak devlopman ekonomik nan kominote ki defavorize kote n ap viv e travay yo.

Point32Health konekte avèk plizyè konpayi ki baze sou divèsite founisè tankou Konsèy Developman Founisè Minorité Greater New England, Cham Komès LGBT Massachusetts (Massachusetts LGBT Chamber of Commerce), Andikap:IN ansanm ak Konsèy Konsilitatif Pwogram Pyonye Cham Komès Greater Boston (Greater Boston Chamber of Commerce Pacesetters Program) lan.

Nou ankouraje divès founisè enskri nan **pwogram enklizyon nou an.**



"Divès founisè pote kreyativite ansanm ak divèsite panse nan pwosesis nou yo. Sa gen plis pase sis (6) lane depi n te lanse estrateji nou, epi nou fyè de pwogrè ak enpak nou rive fè yo atravè envestisman nan plizyè biznis divès kalite moun poze. Objektif nou se apiye sou siksè ak ogmante pouvantaj depans nou nan divès founisè a 50 poustan disi ane 2025."



**DANIEL PENZA**

Responsab, Apwovizyonman

# Patenarya avèk Divès Biznis

Men de (2) egzant divès konpayi ke Point32Health te gen privilèj pou l angaje avèk nan lane 2022 a pou reponn ak bezwen nou yo.



**Josiane Martinez** se fondatè e PDG Archipelago Strategies Group (ASG), yon ajans marketing milti-kiltirèl ki genyen pri nan Massachusetts. Antanke yon biznis yon fanm, minorite ansanm ak moun nan kominote LGBTQ a posede, ASG konsantre sou kreye yon ekonomi ki plis enklizif ak pou l sipòte kominote ki majinalize yo toupatou nan Massachusetts, nan Etazini ak onivo entènasyonal.



**Anthony A. Samuels** prezidan e PDG DRB Facility Services depi lè l kreye nan lane 1993 la. Jounen jodi a, l ap sipèvize yon konpayi ki anplwaye plis pase 600 manm ekip epi yo rekonèt li kòm yon lidè nan kominote biznis lan. Konpayi la se yon founisè pou Point32Health pandan plis pase senk (5) lane. Mesye Samuels se yon filantwòp, li okipe pòs nan plizyè konsèy administrasyon konpayi ki pa pou fè lajan, epi li se mantò plizyè lòt chèf antrepriz ak jèn nan plizyè kominote lokal.

"Pou ilistre aksyon nou nan divèsite founisè a, nou te egzaminen pòtfolyo envestisman nou an nan kòmansman ane 2022 a, epi sou baz evalyasyon sa a, nou te transfere \$230 milyon bay manadjè envestisman yo ki prezante karakteristik DE&I ki solid yo nan pwopriyete yo, jesyon ak ekip envestisman yo. Antrepriz sa yo gen evalyasyon ki elve nan politik entèn DE&I yo ansanm ak enpak pozitif yo pote nan kominote yo a. \$230 milyon an reprezante apeprè 10 poustan nan aktif nan pòtfèy alontèm nou yo ke nou konfyé ak jesyonè yo."



**ROLAND PRICE**  
Vis-presidan (VP), Trezorye



**Gen ijans ak  
enpòtans nan travay  
sou DEIA ak Ekite nan  
domèn Sante nou  
genyen k ap tann nou  
alavni an.**

**Nou pare.**



## Chimen N Ap Swiv

Chimen ki devan nou an ka pa fasil. Nou rekonèt volontèman pil opòtinite pou kwasans pwogrè ki devan nou yo. Faktè tankou aksesibilite, aksè, divèsite ansanm ak konpleksite nan swen sante ka fè pwogrè DEIA ak Ekite nan domèn Sante a parèt dekourajan e ensezisab, men yo reyalizab kanmenm.

Nou pral travay pi di, avèk plis konsantrasyon, plis enèji e avèk pouvwa endiskitab plis pase 4 000 kòlèg pou n favorize estrateji nou sou DEIA ak Ekite nan domèn Sante. Nou pral travay chak jou pou n amelyore kapasite n pou n rive atenn plis manm ak pou simonte obstak sistematik yo pou yon sosyete ki pi an sante. Nou vize pote kontribisyon nou nan ankouraje ekite pandan n ap kreye yon kilti enklizyon pou tout moun kapab gen opòtinite pou yo gen aksè ak swen sante kalite siperyè ki nan pri ki abòdab ak pou yo rive atenn tout potansyèl yo. Nou rete kwè sa pral pèmèt nou reyalize objektif nou pou n gide ak pou n favorize yon vi ki pi an sante pou tout moun.

### Travay la fèk kòmanse.

Nou envite nou aprann plis sou Point32Health – opòtinite pwofesyonèl enteresan ke nou ofri yo, fason nou angaje nou avèk kominote nou yo ak fason n ap viv objektif nou lè w ale sou [point32health.org](http://point32health.org).

